



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 12 desanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PWOJÈ FON KAPITAL INOVASYON \$50 MILYON DOLA POU SIPÒTE AK ATIRE  
NOUVO BIZNIS KI GEN KWASANS ELVE**

***Finansman bay lajan demaraj ki enpòtan pou sipòte teknoloji konpayi kap demare yo nan kad ajanda  
devlopman ekonomik Gouvènè a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse pwojè Fon Kapital Inovasyon Eta New York pou sipòte antreprenè yo kap fè tranzisyon soti nan rechèch pou rive a mache, epi rekonpanse yo pou yo rete ak devlope biznis yo nan New York. Nan kad ajanda devlopman ekonomik Gouvènè a, finansman an pral bay fon demaraj enpòtan pou devlopman konpayi yo ki nan yon etap prekòs nan zòn kwasans elve yo pou kreye travay epi ede lansman, ansanm avèk atire nouvo biznis nan eta New York. \$50 milyon dola espere ogmante omwen \$100 milyon dola nan kapital prive pou sipòte zòn ki gen kwasans elve yo enkli materyèl avanse, teknoloji pwòp, syans lavi/bio-teknoloji ak enfòmasyon teknoloji.

“New York se kay kèk nan lespri ki pi briyan nan mond lan – e lè nou lanse finansman sa a, nap ede antreprenè sa yo kap demare pou pote lide yo nan mache isit la nan Empire State,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk aksyon sa a, nap kontinye eritaj inovasyon New York, ansanm avèk fè yon lòt investisman solid nan avni eta sa a.”

Lajan an pral divize an de segman distenk. Segman komèsyalizasyon teknoloji a pral fasilite efò komèsyalizasyon konpayi kap demare yo ki asosye avèk inivèsite New York epi fè ti investisman nan yon etap pre-demaraj jiska \$100,000. Segman distribisyon an ak ko-investisman nan etap prekòs la pral investi dirèkteman nan konpayi kap demare oswa ki nan yon etap prekòs, avèk yon anfas sou endistri stratejik yo tankou enfòmasyon teknoloji ak syans lavi/bio-teknoloji, ansanm avèk relativman zòn ki defavorize yo nan eta, avèk investisman ki klase de \$100,000 a \$5 milyon. Devlopman Empire State pral revize chak epi apwouve tout lajan investisman yo.

Finansman an fè pati nan ajanda komèsyalizasyon Gouvènè a ki pi elve nan fason pou ankouraje inovasyon ak kondwi kwasans ekonomik nan kominote yo nan eta. Li te kowòdone avèk resous biznis eta ki egziste deja ak investisman inovasyon, enkli pwogram START-UP NY Gouvènè a, Inovasyon Hot Spots, konsèy devlopman ekonomik rejyonal, sant teknoloji avanse ak rezo sant ekselans ak inisyativ SUNY 2020.

Haitian Creole

Devlopman Empire State pral administre fon an (ESD) e Direktè Jesyon nouvo pwojè fon inovasyon kapital, Brian Keil ap jere fon an. Mesye Keil anvan te sèvi kòm vis prezidan Strateji ak Devlopman Antrepriz nan Nielsen Audio. Anvan wòl sa a, Mesye Keil te yon direktè jesyon ak manm fondatè de yon fon pwojè kapital \$250 milyon dola ke NBC Universal ak GE Capital te pwomote, kote li te orijine, egzekite epi jere investisman pwojè kapital nan sektè medya dijital la.

Prezidan ESD, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Pwojè finansman inovasyon kapital konplete zouti biznis New York ki egziste deja epi ede konekte diferan konpozan nan chèn inovasyon eta. Nou kontan paske Brian Keil te rejwenn ekip nou an, ede pou asire demaraj ki pi pwometè yo jwenn sipò yo bezwen nan etap devlopman prekòs e eta New York ap fè pi bon konkirans pou pwojè investisman sektè prive a.”

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke finansman an pral benefisye sou konesans ak espesyalite yon komite investisman volontè, yon gwoup konseye ki gen eksperyans pwofesyonèl investisman prive ki soti nan Eta New York. Komite investisman an pral prezide pa Howard Morgan, yon pwojè kapitalis enpòtan ak investisè angel.

Dr. Morgan aktyèlman sèvi kòm patnè avèk premye seri kapital nan New York ak Philadelphia; Direktè Idealab, Pasadena, kreyatè ki baze nan California ak operatè konpayi entènèt yo kote li te yon investisè fondatè anvan nan ane 1996 e apre li te sèvi kòm prezidan Idealab! New York; ak yon manm nan New York Angels. Li se egalman yon otè respektè ak yon ekriven kontribitè pou Business Insider.

Venture capitalist ak patnè Premye wonn kapital Howard Morgan te deklare, “Gen gwo opòtinite nan tout Eta New York ki pral benefisye soti nan kapital adisyonèl ak sipò nouvo finansman an kapab bay. Mwen espere ke anpil nan antrepriz komèsyal prensipal yo pral valorize elan kepwojè fon Inovasyon Kapital la ap pote nan zòn yo ki aktyèlman anba sipò e ki te gen mwens vizibilite nan sous pwojè tradisyonèl yo.”

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan tanpri vizite <http://esd.ny.gov/BusinessPrograms/NYSInnovationVentureCapitalFund.html>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride

Haitian Creole